



Pou Piblikasyon Imedya: 10/22/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO AKÒDE PADON POU KAT MOUN EPI LANSE PWOGRAM PADON PRO BONO

***Eta ap fè patenarya avèk òganizasyon yo ki nan kominote legal pou bay aplikan ki bezwen padon yo sèvis legal Pro Bono***

Jodia Gouvènè Cuomo te akòde de komitasyon santans ak de padon a kat moun ki te demontre reyabilitasyon e ki te fè pwogrè pozitif nan lavi yo depi kondanasyon kriminel yo. Yo te chwazi moun sa yo apre yon revizyon de tout aplikan yo pou padon, kote yo te akòde komitasyon santans nan enterè lajistis ak reyabilitasyon epi otorize padon pou adrese konsekans imigrasyon ak re-entre sou kondanasyon yo.

“Jodia nap pran yon etap enpòtan nan direksyon yon New York ki pi ekitab, jis, e ki gen plis konpasyon,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk nouvo inisyativ sa, nap chèche idantifye sila yo ki merite yon dezyèm chans epi pou ede asire ke padon pi aksesib ak yon reyalite tanjib.”

Gouvènè Cuomo jodia te pibliye komitasyon kondanasyon ki annaprè yo:

**Lydia Ortiz**, 70, nan Rochester, ap pije aktyèlman yon santans global de 20 a 25 ane nan prizon avèk senkan sipèvizyon apre li fin libere apre ke li te kondane nan 1989 pou konplo, Posesyon Kriminèl Premye Degre yon sibvanstans kontwole, ak posesyon kriminel twazyèm degre yon sibstans kontwole nan Konte Monroe. Madam. Ortiz gen pwoblèm mobilite grav e li pa ka mache san asistans. Madam. Ortiz gen yon istwa prizon disiplinèkselan, malgre limitasyon fizik ak difikilte pou l deplase nan etablisman an, li te konplete plizyè pwogram pou prepare reyentegrasyon l, enkli altènatif ak pwogram vyolans. Li te kenbe relasyon avèk fanmi ak zanmi li yo pandan anprizonman l e li planifye pou l abite avèk fanmi l lè li lage.

**Michael Correa**, 43, nan Bronx, te kondane nan 2010 sou de kont lavant kriminel sibstans kontwole nan premye degre ak lavant kriminel sibstans kontwole nan dezyèm degre nan Konte New York. Mesye. Correa tap batay avèk abi sibstans e li te vann yon ofisyè ki te kamoufle idantite l dwòg pou plis sipòte adiksyon l. Li te plede koupab e li te jwenn kondanasyon pou witan prizon ak senkan sipèvizyon apre li fin libere. Pandan senkan ki sot pase yo nan prizon, Mesye. Correa te konplete avèk siksè yon pwogram pou prepare l pou reyentegrasyon. Depi 2014, li te patisipe nan Pwogram liberasyon

Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon travay tanporè kominotè e li te tap travay kòm yon mesaj pou yon konpayi ki baze nan Vil New York. Li se papa twa timoun e granpè twa pitit pitit.

Depatman Koreksyon ak ofisyèl sipèvizyon kominotè ap trete rapidman toulède prizonye yo pou yon liberasyon aktyèl nan dat 27 oktòb 2015.

Gouvènè Cuomo jodia te pibliye padon ki annaprè yo:

**Joseph Wilson**, 66, nan Vil New York, te kondane apre yon pwoosè devan jiri nan 2006 nan Konte New York pou posesyon kriminèl yon sibstans kontwole nan setyèm degre, tantativ falsifikasyon avèk evidans fizik, reziste arestasyon, epi antrave Administrasyon Gouvènmantral nan dezyèm degre. Li te konplete avèk siksè kat jou sèvis kominotè ak yon ane dechaj kondisyonèl, e li te resevwa yon sètifika soulajman pou moun andikape nan dat 15 desanm 2009. Mesye. Wilson se yon natif natal Liberia ki abite nan Vil New York pou plis pase 40 ane e kondanasyon sa yo te antrave efò pou rejwenn rezidans legal li epi jwenn travay solid. Mesye. Wilson gen de pitit gason adilt e li gen kat pitit pitit. Li pa gen lòt istwa kriminèl.

**Patrick Olivier**, 43, nan Jersey City, NJ, te kondane nan 1993 nan tantativ lavant kriminèl twazyèm-degre de yon sibstans kontwole nan konte Suffolk. Olivier te kondane pou 60 jou nan Prizon Konte Suffolk ak senkan pwobasyon apre li te fin plede koupab. Sa se te premye ak sèl ofans kriminèl Mesye. Olivier. Mesye. Olivier te depi lè sa resevwa diplòm ekivalans jeneral li, resevwa lisans gad sekirite, epi konplete fòmasyon asistan legal. Mesye. Olivier se yon rezidan pèmanan ki soti an Ayiti e kap chèche pou vini yon sitwayen Ameriken.

**Pou ede moun yo nan aplike pou padon**, Gouvènè Cuomo ap fè patenarya avèk plizyè òganizasyon ki soti nan kominote legal la enkli, New York County Lawyers Association, the New York City Bar Association, the New York State Bar Association, the Legal Aid Society ak New York State Association of Criminal Defense Lawyers pou bay sèvis petisyon padon *pro bono* pou moun yo ki te anprizone pa Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè.

Byenke moun yo ka aplike pou padon san asistans yon avoka, asistans ki soti nan men yon avoka pro bono ap amelyore kalite yon aplikasyon prizonye e li prezante pi bon ka devan Gouvènè a. National Association of Criminal Defense Lawyers te aksepte pou ede nan enplemantasyon pwogram lan nan bay asistans teknik ak fòmasyon avoka pro bono yo. Defansè Bronx yo ap bay sèvis legal apre-petisyon osijè benefis, lojman, ak travay, pou petisyonè ki gen siksè.

Gouvènè a gen otorite pou akòde komitasyon daprè Konstitisyon Iwa Eta New York. Ansanm avèk padon yo ki te anonse nan 2013 ak 2014, Gouvènè a te padone sèt moun e li te modifye de santans depi li te antre nan administrasyon an.

Gouvènè a angaje yon egzamen atantif, sou aplikasyon padon avèk ofisyèl yo ki soti

nan Chanm Egzekitif, Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè, Komisyon Libète Pwovizwa ak Biwo Sèvis Viktim. Kandida ki kalifye pou komitayson ka gen ladan sa yo ki pa gen yon istwa kriminel enpòtan, ki te sèvi omwen mwaye nan santans minimòm yo, e ki te demontre prèv bon kondwit nan prizon an ansanm avèk reyabilitasyon enpòtan. Kandida ki kalifye pou padon ka gen ladan moun yo ki gen dwa oswa estati legal yo anpeche pa konviksyon kriminel paran yo.

Moun yo ki enterese pou aplike pou padon ta dwe vizite sitwèb padon Gouvènè Cuomo, ki te lanse pa twò lontan de sa ane pase, [www.ny.gov/clemency](http://www.ny.gov/clemency). Sitwèb la se yon resous santral pou sila yo kap chèche pou aprann plis sou padon, kondisyon kalifikasyon, ak pwosesis aplikasyon, enkli soumèt materyèl aplikasyon yo elektwonikman. Yo ankouraje manm fanmi ak zanmi moun yo kap pije santans prizon pou yo vizite sitwèb la epi aplike pou padon nan non manm fanmi oswa zanmi yo.

**Depite Charles Rangel te deklare:** “Mwen konplimante Gouvènè Cuomo paske li te mete sou pye gwo efò sa avèk Asosyasyon Baro a pou ede prizonye yo jwenn yon komitasyon epi bay yon dezyèm chans pou sila yo ki te demontre kapasite yo pou vini manm pwodiktif nan sosyete a. Gouvènè a te montre anpil konpasyon nan akòde padon pou moun kalifye sa yo, enkli Mesye. Joseph Wilson ki soti nan kominote mwen an. Mwen remèsye Gouvènè a paske li te padone yon granpapa ki travay di ke mwen konnen kap kontinye fè yon gwo kontribisyon nan kominote l ansanm avèk peyi a.”

**Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare:** “Asanble a te defann pandan lontan refòm yo pou sistèm jistis nou an sa ki ta redirije atansyon sou reyabilitasyon olye de retribisyon, e jodia Gouvènè a te reponn apèl sa. Asire disponiblite sèvis asistans pro bono pou moun yo ki te pase tan yo e ki te gen yon chans ekitab pou viv yon lavi pwodiktif ak enpòtan se yon etap kritik nan direksyon pou geri kominote ansanm avèk fanmi yo.”

**Senatè Gustavo Rivera te deklare:** “Sistèm jistis nou an pa ta dwe sèlman osijè pinisyon, men tou reyabilitasyon. Kreyasyon pwojè padon an ap bay anpil Nouyòkè ki te anprizone ki te demontre remò pou aksyon yo e ki te jwenn yon efò konsète pou reyabilite avèk resous yo bezwen pou chèche padon. Mwen remèsye epi felisite Gouvènè Cuomo paske li te kenbe pwomès li epi montre mizèrikòd pou Nouyòkè sila yo ki te demontre ke yo merite yon dezyèm chans.”

**Senatè Ruth Hassell-Thompson te deklare:** “Yo ta dwe felisite Gouvènè Cuomo pou aksyon li jodia. Angajman Gouvènè a pou refòm sistèm prizon eta epi fè padon vin pi aksesib— menm jan avèk sa nou tap lite nan lejislati a— esansyèl pou eta nou an. Nou bezwen gade sistèm prizon nou an diferan— pou anplwaye yon nouvo pèspektiv sou kesyon anprizonman epi pran aksyon konkrè pou ranfòse atansyon nou sou reyabilitasyon ak reyentegrasyon — e jodia se yon etap enpòtan nan bon direksyon an.”

**Carol A. Sigmund, Prezidan New York County Lawyers Association te deklare:** “Nou kontan dèske nou te travay avèk Gouvènè a ansanm avèk kabinè Kramer Levin Naftalis & Frankel LLP ak Patterson Belknap Webb & Tyler LLP pou kreye pwogram pro

bono sa. Twòp Nouyòkè te anprizone pandan twò lontan. Nou espere ke pwogram sa se yon lòt etap nan wout long pou redwi anprizonman nan Eta New York.”

**David P. Miranda, Prezidan Asosyasyon Baro Eta New York te deklare:** “Nou se yon sosyete ki gen mizèrikòd ak jistis ki valorize vrè reyabilite sou mas anprizonman. Yo pa janm pran alalejè desizyon pou akòde padon. Nou apresye dèske Gouvènè Cuomo te mande pwofesyonèl legal yo pou ede idantifye ka yo ki vo konsiderasyon. Asosyasyon Baro Eta New York kontan pou l patisipe.”

**John Savarese, yon patnè nan Wachtell, Lipton, Rosen and Katz, yon manm nan Komite Egzekitif Asosyasyon Baro Vil New York, ak Prezidan Gwoup Travay Baro Vil la sou Mas anprizonman, te deklare:** “Nou wè travay sa kòm yon konpozan enpòtan de efò nou pou fè sa nou kapab pou amelyore konsekans negatif enpòtan sou règleman mass anprizonman nan peyi sa a. Baro Vil la ap rete tann pou l travay avèk avoka pro bono nou yo ansanm avèk Biwo Gouvènè a pou asire ke plis moun ki kalifye resevwa komitasyon kondanasyon oswa padon kidonk yo ka abouti nan lavi ki pi pwodiktif.”

**Seymour James, Avoka anchèf Legal Aid Society, te deklare:** “Mwen aplodi Gouvènè a pou nouvo seri padon sa, ki bay moun yo opòtinite pou retounen al jwenn pwòch yo epi kontribye nan fason ki enpòtan nan kominote yo. Legal Aid Society akeyi opòtinite pou prepare pwochen aplikasyon pou komitasyon oswa padon ki pral fè plis Nouyòkè retounen nan kominote yo. Patenarya pro bono avèk asosyasyon baro a se yon devlopman enteresan ki ta dwe bay yon varyete moun ki kalifye kap aplike pou fòm soulajman sa a.”

**Direktè Egzekitif National Association of Criminal Defense Lawyers Norman Reimer te deklare:** “Mwen konplimante Gouvènè Cuomo nan angajman l pou itilize pouvwa padon l pou diminye santans sila yo ki pa poze yon menas pou sosyete a, ak pou akòde padon a sila yo ki te peye dèt yo a sosyete a men kap fè fas a defi akòz de kondanasyon kriminel yo. Nou espere ke gouvènè yo nan peyi a ap swiv direksyon kouraje Gouvènè Cuomo.”

**Pwofesè New York University Law School Anthony Thompson te deklare:** “Mèsi pou Gouvènè a paske li te mete eta ansanm avèk kominote legal la nan yon patenarya valab. Nouvo antrepriz sa ap ede pou bay bon jan kalite reprezantasyon pou moun sila yo kap chèche asistans nan pwosesis padon. Finalman lap ede kandida kalifye yo pote ka ke yo ta anmezi pou ale lakay yo nan fanmi yo, epi libere apre domaj negatif de yon kondanasyon ki dire lontan.”

**Prezidan Konsèy Gouvènè a sou Re-antre ak Reyentegrasyon Kominotè Rossana Rosado te deklare:** “Dènye aksyon Gouvènè Cuomo a annamoni avèk travay Konsèy nou an epi montre volonte bò kote l pou amelyore epi refòme pwosesis jistis nan Eta New York. Bay mwayen pou moun ki kalifye yo retounen nan kominote yo nan fason ki pèmanan ak siksè se yon objektif prensipal konsèy sa e mwen kontan pou m wè re-afimasyon Gouvènè a sou objektif vital sa.”

**Direktè Egzekitif Asosyasyon Koreksyonèl New York Soffiyah Elijah te deklare:**

“Kat moun sa yo kounye a merite yon chans pou kòmanse a zewo. Mwen kontan dèske m wè ke Gouvènè a itilize pouvwa padon an pou chanje lavi, e map rete tann efè nouvo patenarya *pro bono* avèk kòminote legal sou avni anpil lòt moun nan eta sa a.”

**Nick Turner, Direktè Egzekitif Vera Institute for Justice, te deklare:** “Pwojè padon Gouvènè Cuomo a rekonèt sitou ke moun ki nan prizon yo ka epi chanje lavi yo direksyon. Li rekonèt ke sosyete nou an dwe jwenn yon dezyèm chans. Nan yon moman kote nou tout ap rekonsidere depandans nou sou anprizonman, aksyon Gouvènè Cuomo a ta dwe yon egzanp nasyonal, kondwi lòt egzekitif yo pou pran menm aksyon fonsè sa yo.”

**Brenda McDuffie, Prezidan ak PDG Lig Iben Buffalo te deklare:** “Mèsi, Gouvènè, paske ou te egzèsè pouvwa padon pou kat moun ki merite l. Aksyon sa ap pote espwa pou manm yo nan kominote nou an ki gen konadanasyon kriminel e kap fè fas avèk anpil obstak. Patenarya avèk avoka volontè yo se yon devlopman ki patikilyèman akeyan, kòm anpil potansyèl kandida pou soulajman nesèsè spesyal sa bezwen èd pou prepare petisyon yo ki eksplike sikonstans lavi yo epi demontre kijan yo te chanje lavi yo.”

**Julio Medina, Fondatè/ Direktè Egzekitif Kominote Exodus Transitional te deklare:**

“Gouvènè Cuomo te antreprann yon etap ki reyèlman transfòmatif jodia grasa de komitasyon kondanasyon ak de padon yo. Li te montre ke gen plas nan Eta sa pou yon dezyèm chans. Map rete tann nouvo patenarya avèk avoka volontè yo, sa kap ede plis Nouyòkè ki te reyabiltè tèt yo fè ka yo pou soulajman enpòtan sa a.”

###

Nouvèl anplis disponib nan sit entènèt [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418